

Nim. 202.70

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou:

KOUNYE A AN KONSEKANS, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen pou sispansyon oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, oswa pou bay direktiv ki nesèsè pou reyaji fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase ak yon direktiv annapre ki fè pati Dekrè Egzekitif 202.36, 202.37, 202.46, 202.47, 202.54, 202.58, ak 202.59, jan yo kontinye ak antre nan Dekrè Egzekitif 202.65 pou yon lòt trant jou jiska 19 novanm 2020.

ANPLIS DE SA, konfòmman ak otorite lalwa ban mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la a pou jiska dat 19 novanm 2020:

- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.64 la, ki te modifiye direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.28 ki gen rapò ak eviksyon lokatè komèsyal poutèt yo pa peye lwaye oswa sezi nenpòt prè ipotekè poutèt yo pa peye prè ipotekè sa a ap kontinye jiska premye janvyè 2020.
- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.3, jan sa pwolonje a, ki te fèmen sinema yo, modifiye ak dokiman sa a pou endike ke yo pral otorize sinema sa yo pou yo ouvri apati 23 oktòb 2020 nan 25% kapasite a avèk 50 moun maksimòm pa ekran, sijè anba respè direktiv Depatman Sante (Department of Health), depi sinema yo nan rejyon Vil New York la, nan konte ki gen to enfeksyon ki anwo 2% pandan yon mwayèn 14 jou, epi nan konte yo ki genyen zòn fwaye wouj yo kontinye rete fèmen.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan ventyèm jou mwa oktòb

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a